



# Ibikorwa vyo gushigikira urwaruka mu buryo mfatakibanza

## IMPINDUKA MU BIKORWA KUBERA COVID-19

Gushigikira biciye mu bikorwa vyo gufasha urwaruka vy,imfatakibanza birabandanya ku bantu muri iki gihe c'irandagata rya COVID-19. Yamara, uburyo ivyo bikorwa bitangwa burashobora guhinduka hisunzwe ingingo y'abajejwe amagara y'abantu.

Aho guhura n'abantu imbonankubone mu gihe bariko barakorera hamwe, umuntu ashobora kuvugana n'uwundi hariko harakoreshwa telefone kandi bene gutanga ivyo bikorwa barakomeza gukora ibikorwa vy'imirwi biciye mu buhinga nkoranyambaga butandukanye harimwo zoom, WhatsApp na Facebook.

Bene gutanga ivyo bikorwa barashobora kuronka ibikorwa vy'abasobanuzi mu zindi ndimi ku bantu batavugaga kumwe neza.

Iga ivyerekeranye na **COVID-19 hamwe n'ibimenyetso vyayo.**

## Ibikorwa vyo gushigikira urwaruka mu buryo mfatakibanza ni ukuvuga iki (YTS)?

Ibikorwa vyo gushigikira urwaruka mu buryo mfatakibanza YTS bifasha urwaruka rukiri ruto rwinjira ruje gutabara hamwe n'abimukira bashobora kugira ingorane bafise imyaka ihera kuri 15 gushika kuri 25 kugira ngo bagire uruhara mu kazi no mu kwiga, bategure neza aho bakorera, bashireho uburyo abantu bashobora gushigikira ibikorwa vy'imyuga, kandi bashireho uburyo bwo gukoresha ikibano biciye mu kwiga hamwe no mu bikorwa vyo kwinonora imitsi.

Urwaruka rukiri ruto rwinjira ruje gutabara hamwe n'urundi rwaruka rw'abimukira rurashobora guhura n'ibibazo bijanye n'ugushigikira ibikorwa vyo kurushigikira, guca mu gusaba kwigishwa hamwe no kwishingira ibikorwa, kandi kenshi bisaba imfashanyo irengeje, n'ugushigikirwa kundi kugira ngo bagumane imigenderanire mu kibano cabo gishasha baba binjijemwo.

Ibi bishobora kuba bivuye ku rurimi hamwe n'imico kama itandukanye batari bamenyereye, kandi /canke kubura ugukorera hamwe kuja kwarashizweho hamwe n'ukutamenya aho baronderera ubuzi mu micungararo.

Imiryango y'urwaruka rukiri ruto irashobora nay o nyene kugira ibibazo bijanye no kwumva ko batisanze neza kandi ko basa n'abatagira aho begukiye, begamiye.

Ibikorwa vyo gushigikira urwaruka rukori ruto bitangwa n'ababigenewe biciye mu migambi itari imwe hamwe n'ibikorwa bitandukanye harimwo n'ugufasha abakiri bato kugira ngo binjire mu migenderanire n'ibikorwa hamwe n'ubuzi bwo mu micungararo, hamwe n'imyuga canke n'uko bashobora kwongera kwiga bagashika kure.

## Ibikorwa vyo gushigikira abakiri bato bibafasha gute?

Ibikorwa vyo gushigikira abakiri bato bifasha kwubaka ubushobozi n'ukwibako hamwe n'ukwimenya mu rwaruka rukiri ruto ruza ruje gutabarara hamwe n'abandi b'abimukira bemerewe kwinjira mu gihugu kugira ngo bibafashe kubandanya amashuri kandi bace mu biringo mfatakibanza neza bashobore kwinjira mu buzi.

Ibikorwa vyo gushigikira abakiri bato bishingiye ku bintu bine bikomeye. Iryo bintu bine ni ibi:

- Kwiwunga kugira ngo abakiri bato baronke ubuzi maze bisuganye mu kwitegurira gukora ubuzi.
- Gufashanya n'abandi cane kugira ngo bashigikire urwaruka rugume ruhurumbira kwiga.
- Gushiraho imyuga yo gufasha abakiri bato kugira ngo baronke kandi bakomeze ubwenge bwabo mu vy'imyuga.
- Kuja mu bikorwa vyo kunonora imitsi kugira ngo bafashe abakiri bato bubake ukutigunga hamwe n'ubushizi bw'amanga biciye mu ntonde z'ukwinonora imitsi.

## Mbega noba ndimwo bemerewe muboronka ivyo bikorwa?

Urashobora kwemererwa kuba mu baronka ibikorwa vyo gushigikira abakiri bato nimba uba mu gihugu burundu ukaba ufise imyaka ihera kuri 15 gushika ku myaka 25 kandi ukaba washitse muri Australia mu yaka itanu ishize uje nk'umuntu yinjiye gutabara, canke uzananye n'umuryango w'abimukira bavuga Ikingereza gike cane.

## None noshikira ivyo bikorwa vyo gushigikira bakiri bato gute?

Uru rutonde rw'aha musu rwerekana ibikorwa bitangwa n'ababijejwe batanga ibikorwa vyo gushigikira abakiri bato. Inimba wumva vyokugirira akamaro mu kugira uruhara muri urwo rutonde, usabwe kwinjira mu migenderanire n'aba bantu babitanga bo ngaha hepfo bo mu micungararo ubamwo.

Uwutanga ivyo bikorwa	Ibikorwa vyo gushigikira bakiri bato biboneka muri utu turere dukurikira
Lebanese Muslim Association	Canterbury, Bankstown, Liverpool and Fairfield, NSW
Community Migrant Resource Centre Inc (Parramatta)	Auburn and Blacktown, NSW
Multicultural Australia	Brisbane, QLD
Access Community Services Limited	Logan, QLD
Victorian Foundation for Survivors of Torture Inc (Foundation House)	Greater Dandenong, Casey, Hume, Brimbank, Darebin, Maribyrnong, Melbourne and Whitehorse, VIC
Brotherhood of St Laurence	Hume, VIC